

KALEPATAN FONOLOGIS SAHA MORFOLOGIS ING KARANGAN BASA JAWI SISWA KELAS X IPA 1 SMA N 1 PUNDONG

THE PHONOLOGICAL AND MORPHOLOGICAL ERRORS THAT EXISTED IN THE JAVANESE CLASSROOM COMPOSITIONS OF STUDENTS IN GRADE X IPA 1 SMA N 1 PUNDONG.

Dening : Tri Astuti, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
triastutipundong@gmail.com

Sarining Panaliten

Ancasipun panaliten inggih menika ngandharaken kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten ing karangan basa Jawi siswa kelas X IPA 1 SMA N 1 Pundong. Jinising panaliten menika kalebet wonten ing panaliten deskriptif. Caranipun ngempalaken data ing panaliten menika kanthi teknik maos saha nyathet saha kanthi cara wawancara. Cara nganalisis *data* wonten ing panaliten menika kanthi maos asiling panyerating karangan siswa, *reduksi* data panaliten, nyatet ugi alih tulis wawancara. Cara ngesahaken data inggih menika kanthi *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. Asiling panaliten nedahaken kalepatan ing babagan *fonologi* antawisipun 1) kalepatan babagan *silabisasi*, 2) kalepatan panyerating *ejaan vokal* saha utawi *konsonan*. Kalepatan bidang *morfologi* antawisipun 1) panyerating tembung wuwuhan ater-ater, panambang saha wuwuhan sesarengan 2) kalepatan babagan tembung camboran. Prakawis ingkang ndayani kalepatan panyerating *fonologis* saha *morfologis* antawisipun 1) lepat amargi boten dipunsengaja, 2) amargi nyelarasaken pocapanipun, 3) lepat amargi tembung lingga saha tembung andhahan, 4) *interferensi*, saha 5) , kerancuan *fonem*.

Pamijining tembung: kalepatan *fonologis* saha *morfologis*, karangan basa Jawi.

Absract

The purpose of this research was to explain the phonological and morphological errors that existed in the Javanese classroom compositions of students in grade X IPA 1 SMA N 1 PUNDONG. This research is included in this type of descriptive research. to collect research data using reading and recording techniques, but also with interview techniques. Way of analyzing data in this research is by reading result from student essay, reduce research data, record and transliteration result of interview. How to validate data is by validity test and reliability test. the results of the study indicate phonological errors that are 1) an error in syllabization, 2) spelling vocal and / or consonant spelling errors. Mistakes in the morphological field include 1) the prefix, infix, suffix and confix prefixes, 2) re-error. The causes of phonological and morphological errors are 1) false inadvertently, 2) due to conformity with pronunciation, 3) misguidance due to the base and the word imbuhan, 4) interference, 5) phoneme ambiguity.

key words: phonological and morphological errors, Javanese essay

PURWAKA

Karangan minangka salah satunggaling asiling ide saha gagasan ingkang dipunandharaken awujud basa sinerat saha saged dipunmangertosi dening pamaos. Nyerat karangan inggih menika kegiatan nyusun tembung-tembung ngginakaken basa baku miturut paugeran-paugeranipun kanthi tema tartamtu. Seratan siswa ingkang awujud karangan menika minangka salah satunggaling katrampilan nyerat. Nalika nyerat satunggaling karangan, siswa mboten namung kedah trampil anggenipun ngandharaken ide, ananging ugi kedah saged milih saha nyusun tembung-tembung ngginakaken basa ingkang baku, saengga menapa ingkang badhe dipunandharaken dening siswa menika saged dipunmangertosi guru utawi pamaos. Pamiliing tembung ingkang leres menika saged nggampilaken guru utawi pamaos kange mangertosi isi saking karangan, dene panganggeling tembung ingkang lepat menika saged ndamel guru utawi pamaos bingung anggenipun mahami isi karangan siswa.

Karangan basa Jawi menika gayut kaliyan dayanipun siswa anggenipun nguwaosi basa saha tembung-tembung basa Jawi kange ngandharaken isi karangan. Wonten ing proses kegiatan nyerat ngginakaken basa Jawi, asring dipunpanggihaken kalepatan-kalepatan panyerating tembung. Makaten ugi wonten

ing asiling karangan basa Jawi siswa kelas X ing SMA N 1 Pundong asring kapanggihaken kalepatan-kalepatan panyerating tembung ingkang gayut kaliyan *fonologis* saha *morfologi*. Kalepatan *fonologis* ingkang kapanggihaken menika wonten *silabisasi* saha *ejaan*, dene kalepatan *morfologis* menika babagan proses *morfologis* saking asil karangan basa Jawi siswa. Saengga panaliten menika nliti babagan asiling karangan basa Jawi siswa kelas X SMA N 1 Pundong ingkang jumbuh kaliyan prakawisipun.

Wosing prakawis ingkang saged dipuntlti ing panaliten menika, antawisipun:

1. Menapa kemawon jinising kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten ing karangan basa Jawi siswa kelas X IPA 2 SMA N 1 Pundong?
2. Menapa kemawon ingkang ndayani siswa nindakaken kelapan menika?

Analisis kalepatan miturut Hastuti (2003: 77) inggih menika satunggaling proses analisis adhedhasar kalepatan tiyang ingkang nyinaoni objek ingkang cetha. Tembung kalepatan menika nggamaraken satunggaling prakawis ingkang kirang ngatos-atos. Kalepatan menika tegesipun bilih paugeran ingkang sampun dipuntamtokaken menika dipunlanggar, sebabipun amargi kesupen paugeranipun utawi saged ugi amargi dereng mangertos utawi mboten mangertos paugeran ingkang leres. Pateda (1989: 37) ancasing analisis

kalepatan kangge manggihaken kalepatan, mantha-mantha, lan ingkang langkung wigatos inggih menika kangge ngleresaken kalepatan. Pamanggihipun Pateda babagan ancas saking analisis kalepatan inggih menika kangge ngleresaken kalepatansami, inggih menika kangge ngleresaken kalepatanipun supados kalepatan ingkang sami mboten dipunambali malih.

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet wonten ing panaliten deskriptif kanthi objek asiling panyerating karangan siswa. Panaliten menika madosi kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten ing panyerating siswa kelas X IPA 1 SMA N Pundong. Wonten ing panaliten menika, panaliti badhe ngandharaken jinising kalepatan *fonologis* saha *morfologis*, wujuding kalepatan *fonologis* saha *morfologis*, ngleresaken kalepatan *fonologis* saha *morfologis* ingkang samangke dipunpanggihaken, saha manggihaken prakawis ingkang nyebabaken kalepatan.

Data, instrumen, cara ngempalaken data

Data wonten ing panaliten menika awujud tembung-tembung ingkang lepat perangan *fonologis* saha *morfologis* basa jawi wonten ing panyerating siswa kelas X SMA N Pundong. Dene sumber datanipun awujud sedaya tembung-tembung ingkang wonten ing panyerating karangan siswa kelas

X SMA N Pundong. Caranipun ngempalaken data ing panaliten menika kanthi teknik maos saha nyathet kangge manggihaken kalepatan panyerating *fonologis* lan *morfologis* saha kanthi cara wawancara kangge mangertosi prakawis ingkang nyebabaken kalepatan panyerating tembung. Sasampunipun manggihaken kalepatan, *reduksi data* inggih menika milih tembung-tembung ingkang lepat perangan *morfologis* minangka data. Salajengipun inggih menika nyathet data ingkang sampun wonten ing kertu data.

Cara Analisis Data

Analisis kalepataning *fonologis* saha *morfologis* ingkang pinanggih wonten ing ukara/ tembung kanthi cara analisis *deskriptif kualitatif*. Miturut Sudaryanto (1992: 62) analisis *deskriptif* inggih menika panaliten basa adhedhasar fakta-fakta kasunyatan saking data. Analisis *deskriptif kualitatif* tegesipun *data-data* ingkang dipuntliti saha asiling panaliten menika awujud *deskripsi*, sanes awujud angka-angka. Dene panaliten menika ngandharaken babagan wujuding kalepatan *fonologis* saha *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten saha prakawis ingkang nyebabaken kalepatan. Caranipun nganalisis data maos data ingkang dados panaliten. *Reduksi data*, inggih menika nyaring data ingkang kalebet wonten ing panaliten dipuncathet kanthi cara alih tulis. *Analisis data* kanthi cara mantha-mantha *data*. Panaliten menika anggenipun

ngesahaken *data* ngginakaken uji *validitas* saha *reliabilitas*. Uji validitas data ingkang dipunginakaken panaliti wonten ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori* saha *expert judgment*. Uji *reliabilitas* data dipunginakaken kangge ngasilaken data ingkang ajeg.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

1. Kalepatan *Fonologis*

Kalepatan *fonologis* wonten ing panaliten menika ing perangan *silabisasi*, inggih menika tembung-tembung ingkang lepat amargi dipuntambah *vokal*, dipuntambah *konsonan*, dipunkirangi *vokal*, utawi dipunkirangi *konsonan*. Kalepatan *fonologis* sanesipun ingkang kapanggihaken gayut kaliyan *ejaan*, inggih menika tembung-tembung ingkang lepat amargi panyerating *ejaan vokal* utawi *konsonan*.

a. Kalepatan *Silabisasi*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan* wonten ing panaliten menika kapanggihaken *konsonan tambahan* (+)n, (+)m, (+)g, (+)h kalepatan saha prakawis ingkang ndayani kalepatan kasebut dipunjlentrehaken wonten ing ngandhap menika.

Dipuntambah *Konsonan n*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan n* ing panaliten menika kados wonten ing pethikan ukara ing ngandhap menika.

“Acara penza niki saget **ndamel** sedaya warga SMA N 1 Pundong bungah.”

(XA-D01:U04)

Tembung **damel** menika kalebet wonten ing tembung kriya. Tembung kriya ing basa Jawi menika wonten kalih, inggih menika kriya lingga kaliyan kriya tanduk. Kriya tanduk menika dipunginakaken nalika jejer ing ukara nedahaken satunggaling tumandangipun, awujud jejer *bernyawa* ingkang nindakake pakaryan kang dipunrembag ing wasesanipun. Dene kriya lingga menika lumrahipun jejer awujud *benda mati* (makhluk ingkang boten bernyawa. Manawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun tembung **damel** ingkang dipunserat siswa menika gadhah teges **membuat** ananging boten nedahaken satunggaling tumandangipun. Beda kaliyan *konteks* ukara menika “ Budi **ndamel** pancing saking kayu” ingkang tegesipun *Budi membuat pancing dari kayu*. *Konteks* saking tuladha ukara menika mratelakaken bilih Budi nglampahaken satunggaling pakaryan inggih menika damel pancing. Ananging ing ukara ingkang kaserat dening siswa menika boten nedahaken satunggaling pakaryan, ananging tembung **ndamel** menika nedahaken satunggaling katrangan bilih acara penza menika **damel** bungah warga SMA.

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* wonten ing

panaliten asiling karangan siswa kelas XA SMA N 1 Pundong ingkang kapanggihaken inggih menika *konsonan* ingkang dipunkirangi (-)h, (-)g, (-)k, (-)w, saha (-)y. Kalepatan ingkang dipunpanggihaken saha prakawis ingkang nyebabaken kalepatan panyerating tembung menika langkung cetha dipunjlentrehaken wonten ing ngandhap menika.

Dipunkirangi Konsonan h

Tembung ingkang dipunsebabaken kirang *konsonan /h/* kapanggihaken wonten ing asiling karangan siswa. Kalepatan tembung menika wonten ing pethikan ukara ing ngandhap menika.

“ amargi kasus menika sami sanget **kalian** kasus Ahok,”
(XA- D03: U02)

Pethikan ukara menika nedahaken wonten satunggaling tembung ingkang lepat, inggih menika tembung **kalian**. Kalepatan dipunsebabaken amargi panyerating tembung menika kirang *konsonan h* wonten ing wanda katiga. Tembung menika kalebet wonten ing tembung wuwuhan ingkang pikantuk panambang. Saking tembung lingga **kalih** saha panambang **-an**. Saengga tembung ingkang leres inggih menika **kaliyan**.

Kalepatan ingkang dipunserat dening siswa menika dipunsebabaken amargi boten trep anggenipun nyerat proses pandhapuking tembung antawisipun tembung lingga saha panambang. Miturut pamanggih siswa, proses pandhapuking tembung ingkang leres

saking tembung **kalian** inggih menika tembung lingga **kali** ingkang kawuwuhan panambang **-an**. Kalepatan tembung lingga menika nyebabaken tembung wuwuhan menika ugi lepat.

b. Kalepatan Ejaan

Kalepatan *ejaan* ingkang kapanggihaken wonten ing asiling karangan basa Jawi siswa kelas XA SMA N 1 Pundong inggih menika kalepatan panyerating *ejaan vokal* saha *konsonan*. Langkung cetha kalepatan saha prakawis ingkang ndayani siswa nindakaken kalepatan dipunjlentrehaken wonten ing ngandhap menika.

Kalepatan ejaan vokal

Panyerating *ejaan* ingkang lepat *vokalipun* kapanggihaken wonten ing panaliten menika. kalepatan panyerating *ejaan vokal* antawisipun /a/ ingkang dipunserat /e/; *vokal* /a/ dipunserat /o/; *vokal* /e/ dipunserat /a/; *vokal* /u/ dipunserat /a/-/a/ dipunserat /u/ ing satunggaling tembung; *vokal* /i/ ingkang dipunserat /e/; saha *vokal* /u/ dipunserat /o/-/o/ dipunserat u ing satunggal tembung. Kalepatan panyerating tembung menika tamtu kemawon wonten prakawisipun. Andharan ing ngandhap menika ingkang saged njlentrehaken kalepatan *fonologis* babagan panyerating *ejaan* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika, saha samubarang ingkang ndayani kalepatan.

Ejaan vokal /a/ dipunserat /e/

Kalepatan *ejaan vokal /a/* ingkang dipunserat /e/ kapanggihaken wonten ing pethikan ukara ing ngandhap menika.

“Jembatan wonten ing dusun Nang Sri Srihardono Pundong Bantul, boten saget dingge liwat **amergi** jembatan miring.”

(XA- D04: U02)

Panyerating tembung **amergi** menika lepat dipunsebabaken *ejaan vokal /e/* ingkang kedahipun dipunserat /a/. Tembung ingkang leres manawi dipuntingali saking *ejaan* basa Jawi ingkang kasampurnakaken inggih menika **amargi**. Panyerating tembung ingkang lepat menika dipunsebabaken saking siswa ingkang mocapaken tembung **amergi**. Nalika wonten pitakenan kanthi lisan tembung ingkang leres antawisipun **amargi** kaliyan **amergi**, wangsulan saking siswa menika ingkang leres **amergi**.

Kalepatan *ejaan konsonan*

Kalepatan panyerating *ejaan konsonan* kapanggihaken wonten ing panaliten menika. *Ejaan konsonan* ingkang lepat inggih menika *konsonan /d/* ingkang dipunserat /t/; /n/ dipunserat /l/; *konsonan /w/dipunserat /u/*; *konsonan /l/* dipunserat /k/; /g/ ingkang dipunserat /k/; /d/ dipunserat /dh/; /dh/ dipunserat /d/; *konsonan /t/* dipunserat /th/ saha *konsonan /th/* ingkang dipunserat /t/. Kalepatan ingkang kapanggihaken menika dipunsebabaken mapinten-pinten prakawis. Langkung cetha kalepatan *ejaan konsonan* saha prakawis

ingkang ndayani kalepatan menika dipunjentrehaken wonten ing ngandhap.

Ejaan konsonan /d/ dipunserat /t/

Panyerating tembung ingkang lepat dipunsebabaken *ejaan konsonan /d/* dipunserat t menika kapanggihaken wonten ing pethikan ukara ing ngandhap menika.

“ acara penza niki **saget** ndamel sedaya warga SMA N 1 Pundong bungah.”

(XA- D01: U04)

Miturut ukaranipun tembung **saget** menika lepat amargi panyerating *ejaan konsonan /d/* dipunserat /t/. Tembung ingkang leres inggih menika **saged**, kanthi ngginakaken *konsonan /d/*. *Konsonan [t, d]* wonten ing ngelmu *fonetik* kalebet wonten ing *konsonan hambat apiko-dental*. Mocapaken tembung ingkang gadhah *konsonan [t, d]* menika ing basa Jawi meh sami, menapa malih bilih *konsonan* menika minangka *konsonan mati* wonten ing pungkasining tembung. Kadosta ing kasus kalepatan tembung menika. Tembung **saged** ingkang dipunserat **saget** dening siswa lepat amargi siswa nggatosaken pocapanipun. Tembung ingkang sanesipun ugi kapanggihaken, inggih menika **reget** lan **cupet** panyerating tembung menika kadhang kala lepat dados **reget** lan **cuped**.

Kalepatan *ejaan vokal saha konsonan*

Kalepatan panyerating *ejaan vokal saha konsonan* kapanggihaken wonten ing panaliten menika. *Ejaan vokal saha konsonan* ingkang lepat wonten ing

satunggaling ukara inggih menika *vokal* /a/ ingkang dipunserat /o/ *konsonan* /w/ dipunserat /u/; /a/ dipunserat /e/ *konsonan* /th/dipunserat /t/; *vokal* /i/ dipunserat /e/ *konsonan* /dh/ ingkang dipunserat /d/. Kalepatan ingkang kapanggihaken menika dipunsebabaken mapinten-pinten prakawis. Langkung cetha kalepatan *ejaan konsonan* saha prakawis ingkang ndayani kalepatan menika dipunjentrehaken wonten ing ngandhap.

“Wonten ing **mriko suasananipun** rame lan padha bungah.”

(XA-D12: 05)

“Wonten ing tahun baru menika **katah kedadean** kriminal kemalingan.”

(XA-D16: 01)

“Masyarakat wonten ing lereng gunung kelud **pada** bingung lan **pada** mlayu ngungsi ing panggonan kang **luweh** aman.” (XA-D25: 03)

Kaleptan panyerating *ejaan vokal* saha *konsonan* kapanggihaken wonten ing ukara ing nginggil menika. kalepatan ingkang kapanggihaken antawisipun ing tembung a) **mrika** ingkang kaserat **mriko**, **swasana** dipunserat **suasana**; b) **kathah** kaserat **katah**, **kadadean** kaserat **kedadean**; c) **padha** dipunserat **pada**, **luwih** dipuserat **luweh**.

c. **Kalepatan panyerating tembung silabisasi saha ejaan**

Kalepatan panyerating tembung *silabisasi* saha *ejaan* tegesipun inggih menika wonten ing satunggaling ukara, panaliti manggihaken wonten kalih utawi langkung kaleatan ingkang gayut kaliyan *silabisasi* saha *ejaan*. *Silabisasi* saha *ejaan* ingkang kapanggihaken lepat wonten ing satunggaling ukara inggih menika *vokal* /a/ ingkang dipunserat /o/ Panyerating *silabisasi* tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* (g); Panyerating *silabisasi* tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* (y), panyerating tembung *ejaan konsonan* /dh/ dipunserat /d/; Panyerating tembung *ejaan vokal* /a/ dipunserat /o/, panyerating *silabisasi* tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* (w); Panyerating tembung *ejaan konsonan* /dh/ dipunserat /d/, panyerating *silabisasi* tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* (y). Kalepatan ingkang kapanggihaken menika dipunsebabaken mapinten-pinten prakawis. Langkung cetha kalepatan *ejaan konsonan* saha prakawis ingkang ndayani kalepatan menika dipunjentrehaken wonten ing ngandhap.

“Jembatan menika miring **keging toyo** saking lepen opak ingkang kebak amargi jawah wau dalu.” (XA-D04:03)

Kalepatan ingkang kapanggihaken menika dipunsebabaken maneka warni.

Nyelarasaken pocapan, lepat tembung lingga, kerancuan fonem, ugi kekhilafan.

1. Kalepatan Morfologis

Kalepatan *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika gayut kaliyan tembung wuwuhan saha tembung rangkep. Kalepatan *morfologis* ugi kapanggihaken wonten ing tembung rangkep. Asiling karangan basa Jawi siswa kelas XA SMA N 1 Pundong panaliti manggihaken wonten kalepatan ing babagan tembung dwilingga.

a. Kalepatan Tembung Wuwuhan

Kalepatan tembung wuwuhan ingkang kapanggihaken womten ing panaliten menika antawisipun tembung lingga ingkang pikantuk ater-ater, tembung lingga ingkang pikantuk panambang, saha tembung lingga ingkang rumaket kaliyan wuwuhan sesarengan. Kalepatan-kalepatan menika langkung cetha dipunjentrehaken wonten ing ngandhap menika.

Tembung lingga ingkang pikantuk ater-ater

Kalepatan tembung wuwuhan {di-/dipun-}menika dipunsebabaken amargi panyerating ater-ater ingkang kedahipun rumaket ing tembung lingga, ananging wonten ing panyerating siswa menika dipunpisah. Pethikan ukaranipun kados makaten.

“ acara **dipun isi** pengajian, shalawatan, hadrah, lan sanes-sanesipun.”

(XA- D03: U02)

Tembung **dipun isi** menika lepat amargi ater-ater {dipun-} ingkang kedahipun rumaket dening tembung lingganipun dipunserat dipisah dening siswa. Tembung menika kalebet wonten ing tembung wuwuhan, morfem **dipun** menika kalebet wonten ing ater-ater sanes *kata depan* saengga panyerating tembung ingkang leres inggih menika **dipunisi**, ater-ater **dipun** rumaket ing sangajenging tembung lingga **isi**. Prakawis ingkang ndayani kalepatanipun inggih menika amargi anggenipun nyerat kesesa saengga kalepatan ingkang boten dipunsengaja. Nalika siswa kasuwun mirsani asiling karangan, piyambakipun rumaos bilih tembung **dipun isi** menika lepat.

b. Kalepatan Tembung Rangkep

Kalepatan panyerating tembung ugi kapanggihaken wonten ing tembung rangkep. Kalepatan ingkang kapanggihaken menika panganggening tandha panggandheng saha dwilingga. Langkung cetha dipunrembag ing ngandhap menika.

1) Kirang tandha panggandheng

Tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandheng kapanggihaken wonten ing asiling karangan basa Jawi siswa kelas XA SMA N 1 Pundong. Pethikan ukara kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Tuladhanipun ingkang kedadean wonten ing dalemipun Muhammad Raffi Ramadhan ingkang kilangan mas masan lan banda liane.”

(XA- D16: U02)

Tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandheng menika nyebabaken tegesipun beda. Kadosta ing nginggil menika, tembung **mas masan** sejatosipun tembung camboran ingkang tegesipun *perhiasan*. Ananging amargi kirang nyerat tandha panggandheng wonten ing tengahing tembung ndadosaken tembung menika gadhah teges beda, **masmasan** menika wonten ing satunggaling dhaerah kalebet wonten ing salah stunggaling jinis kewan. Tandha panggandheng ingkang boten dipunserat dening siswa saged nyebabaken pamaos bingung mangertosi tegesipun ukara.

2. Kalepatan Fonologis saha Morfologis

Sanesipun kalepatan *fonologis* saha *morfologis*, wonten ing panaliten menika ugi kapanggihaken kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten ing satunggal tembung. Tegesipun, wonten ing satunggal tembung menika kapanggihaken kalepatan *fonologis* saha *morfologis*.

Dipuntambah konsonan saha wuwuhan sesarengan

Kalepatan *fonologis* saha *morfologis* ing satunggal tembung ingkang gayut kaliyan kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan* saha lepat anggenipun nyerat wuwuhan sesarengan menika kapanggihaken wonten ing panaliten menika. pethikan ukara ingkang nedahaken kalepatan kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

“ **sak wise** upacara banjur dilanjutke lomba-lomba ing ana ning lapangan.”

(XA- D28: U05)

Panyerating tembung **sak wise** menika lepat babagan *fonologi* saha *morfologi*. Kalepatan menika dpunsebabaken amargi panyerating tembung menika dipuntambah *konsonan* k saha pamyerating ater-ater ingkang dipunpisah kaliyan tembung lingganipun. Manawi dipunjentrehaken, tembung menika kalebet wonten ing tembung wuwuhan ingkang kadhapuk saking tembung lingga **wis** ingkang pikantuk wuwuhan sesarengan (sa-e). Kalepatan babagan *fonologis* kapanggihaken saking ater-ater (sa-) ingkang dipunserat (sak-) dening panyerat. Kalepatan *morfologi* babagan tembung wuwuhan kapanggihaken saking ater-ater {sa-} ingkang dipunpisah kaliyan tembung lingga. Saengga tembung ingkang leres inggih menika **sawise**. Kalepatan menika dipunsebabaken amargi siswa boten mangertos paugeran panyerating tembung wuwuhan ingkang dipungandheng kaliyan tembung lingganipun. Miturut siswa pocapaning tembung **sawise** menika **sakwise**, saengga dipunserat miturut pocapanipun.

DUDUTAN LAN PAMRAYOGI

Dudutan

Adhedhasar asiling pirembagan wonten ing panaliten kalepatan panyerating

tembung ing karangan basa Jawi siswa kelas X IPA 2 SMA N 1 Pundong, saged dipunpendhet dudutan bilih panyerating basa Jawi siswa taksih wonten kalepatan ingkang kapanggihaken. Wonten prakawis ingkang ndayani kalepatan panyerating basa Jawi siswa. Kalepatan *fonologi* ingkang lepat wonten ing panaliten menika babagan kalepatan *silabisasi* gayut kaliyan kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal* utawi *konsonan* saha dipuntambah *vokal* utawi *konsonanipun* saha *ejaan* panyerating *vokal*, *konsonan* utawi *vokal* saha *konsonan*. Kalepatan *morfologis* ingkang lepat gayut kaliyan tembung wuwuhan saha tembung camboran. Kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten ing satunggaling tembung. Kalepatan panyerating *fonologis* saha *morfologis* dipunsebabaken amargi saperangan prakawis ing antawisipun, mboten dipunsengaja (*kekhilafan*), tembung lingga utawi tembung andhahan ingkang dereng dipunkuwaosi dening siswa, panyerating tembung ingkang lepat amargi nyelarasaken pocapanipun, panyerating tembung ingkang lepat amargi *interferensi*., kalepatan ingkang dipunsebabaken amargi kerancuan *.*

Pamrayogi

Sasampunipun panaliti nglampahi panaliten menika, pamrayogi ingkang saged kaandharaken inggih menika (1) Pirembagan wonten ing panaliten menika dereng jangkep, pramila taksih prelu

dipuntindakaken panaliten malih ingkang ngrembag perangan sanes, kadosta *diksi* saha *sintaksis*. (2) Guru lan siswa nalika sinau basa Jawi dipuntingkataken anggenipun micara migunakaken basa Jawi ingkang leres. (3) Gladhen babagan panyerating tembung ingkang gayut kaliyan *fonologis* saha *morfologis* dipuntambahi malih supados siswa langkung kulina nyerat ngginakaken basa Jawi. (4) Gladhen nyelarasaken pocapan saha nyerat tembung saged dipunginakaken kangge siswa. (5) Tugas ndamel karangan basa Jawi dipuntambahi supados siswa kathah latihan nyerat karangan basa Jawi.

KAPUSTAKAN

Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa huruf Latin yang Disempurnakan (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Kanisius.

Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.

Makmuroh, Umi. Analisis Kesalahan Berbahasa Jawa Pada Karangan Persuasi Siswa Kelas XI Jurusan Bahasa SMA N 10 Purworejo Tahun Ajaran 2012/2013. *Skripsi SI*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Universitas Negeri Yogyakarta.

Marsono. 2006. *Fonetik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Miftahudin. 2012. Kesalahan Pemilihan Kata

- pada Karangan Deskripsi Siswa Kelas VIII SMP Muhammadiyah 1 Surakarta. *Jurnal Skripsi S1.* Surakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa, Sasatra Indonesia dan Daerah, Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Mulyana. 2005. *Morfologi Bahasa Jawa.* Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Muslich, Masnur. 2012. *Fonologi Bahasa Indonesia Tinjauan Deskriptif Sistem Bunyi Bahasa Indonesia.* Jakarta: Bumi Aksara.
- Nurhayai, Endang. 2001. *Morfologi Bahas Jawa.* Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Analisis Kesalahan.* Flores-NTT: Nusa Indah.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa.* Jakarta: J.B Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Purwanti, Nuegraheni Sri. Kalepatan *Fonologi saha Morfologi Basa Jawi ing Subtitle Film Korea Spy Girl. Skripsi S1.* Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa - Jawa.* Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1992. *Metode Linguistik.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Pres
- Tarigan, Henry Guntur. 1988. *Pengajaran Pemerolehan Bahasa.* Bandung: Angkasa.
- Verhaar, J.W.M. 2006. *Asas-asas Linguistik Umum.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.